Маршо. Нийсо. Барт.

Керла дахар

№ 44
(6795)
31 октября
2019 г.
Свободная цена

МБУ «Веденская районная газета «Керла дахар»

Состоялась XXXIII-я Конференция Веденского Местного отделения Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ»

На Конференции, прошедшем 24 октября 2019 года в актовом зале Администрации Веденского района, приняли участие 22 делегата от 27 первичных отделений Партии, 11 членов Местного политического совета и 3 члена Местной контрольной комиссии. На форуме присутствовали также приглашенные руководители организаций и учреждений района, главы сельских администраций.

Руководитель Местного отделения Партии Дадакаева Зухра Джунаидовна, председательствующая на конференции, предложила избрать в рабочий Президиум Ахиядова Нурди Валидовича, главу администрации Веденского района; Истамулова Ильяса Хамидовича, заместителя Руководителя Чеченского регионального исполнительного комитета Партии «Единая Россия»; Магомадова Султана Лом-Алиевича, заместителя главы администрации Веденского района; Джафарова Арби Нурдиновича, кадия Веденского района; Илиеву Тумишу Хасмагомедовну, секретаря Веденского местного отделения Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ».

По завершении процедурных голосований делегаты приступили к рассмотрению первого вопроса повестки дня «О досрочном прекращении полномочий секретаря Веденского местного отделения Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ». Взяв слово для выступления, Илиева Т.Х. поблагодарила коллег по Партии за понимание и поддержку за время исполнения ею полномочий секретаря местного отделения, а также попросила поддержать ее желание досрочного прекращения полномочий Секретаря Веденского местного отделения Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» по состоянию здоровья.

Путем открытого голосования делегаты поддержали ее желание и приняли единогласное решение о досрочном прекращении полномочий Илиевой Тумиши Хасмагомедовны.

Обсуждая второй вопрос повестки дня «Об избрании Секретаря Веденского местного отделения Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ», делегаты предложили внести в бюллетень для тайного голосования кандидатуры Ахиядова Нурди Валидовича и Дакашева Шедита Асолтаевича.

Тайным голосованием на альтернативной основе Секретарем Веденского местного отделения Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» избран Глава администрации Веденского муниципального района Ахиядов Нурди Валидович.

Приступив к обсуждению третьего вопроса повестки дня «Об изменениях в составе Местного политического совета в соответствии с п.14.7.2. Устава Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ», Дадакаева З.Д. проинформировала делегатов Конференции о необходимости обновления состава Местного политического совета один раз в год на 10 процентов в соответствии с Уставом Партии и предложила, в связи со смертью члена местного политического совета Хазуева Шайхи Газимагомедовича и добровольном сложении полномочий члена местного политического совета Висалиева Казбека Абулезидовича, вывести их из состава местного политического совета и избрать 2-х новых членов . Путем тайного голосования в состав местного политического совета Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» их трех предложенных кандидатур единогласно избраны Ахматукаев Руслан Сайд-Ахмедович и Сайдулаев Яраги Ахметович.

Делегаты конференции поддержали предложенные кандидатуры и единогласно избрали делегатами на предстоящую 7 ноября 2019 года XXXII-ю Региональную конференцию Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» Ахиядова Нурди Валидовича, Хамзатова Валида Хамидовича, Джафарова Арби Нурдиновича и Илиеву Тумишу Хасмагомедовну.

По завершении работы Конференции заместитель Руководителя Чеченского регионального исполнительного комитета Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» Истамулов И.Х. «За общественно-политическую деятельность по укреплению гражданского общества, активное участие в партийных мероприятиях и укрепление авторитета Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» в Чеченской Республике» наградил Илиеву Тумишу, Солтагириеву Зару, Мадаеву Асет, Чагаева Ваху-Али, Куразова Юнуса и Гудаева Тимура Благодарственными письмами Чеченского Регионального исполнительного комитета Партии и, отметив высокий уровень работы Конференции, поблагодарил делегатов за слаженную и активную работу.

Тимур ГУДАЕВ

Мовлидан баттаца декъалдар

Хьоме махкахой, бусалба вежарий, йижарий, ас даггара декъалдо шу вайн сийлахь элча (с.l.в.) Мухьаммад пайхамар дуьненчу валаран дозалла шегахь долу Мовлидан бутт Раби-уль-Авваль дlаболабаларца!

Хlокху сийлахьчу баттахь еш йолчу lамалийн ял иттозза алсамйоккху Дала. Чlогlа деза ду кху баттахь пайхамарна салаваташ дахкар, сагlийна хlума ялар, цомгашчунна тlехlоттар, Мовлидаш ешийтар.

Сийлахь а, еза а хиларе терра вай даггара лара еза вешан пайхамар дуьненчу валаран билгало шегахь йолу кху беттан 12-гlа буьйса.

Кхин цкъа а ас даггара декъалдо шу хlара беза Мовлидан бутт дlаболабаларца!

Аллахl Дала беркате нисбойла хlара вайна ийманехь чlагlдеш, lамалшкахь совдохуш!

I-Хь. ДЖАФАРОВ,
кIоштан къеда

Юкъараллин-политически дахар

Гуьйренан беркаташ

Хаза хуьлу лаьмнашкахь гуьйре, дешин бос эцан дуьйлало диттийн гІаш, хаз-лой дІахІуьтту басонаш, даккъаш. Гуьйре гІе-метта хІуттун хІара гІадужун бутт октябрь йоькхане беана кху шарахь.

Инвесторш дагабуьйлу

Бахархойн дахаран - Іеран тІегІа лакхадаккхарехь а, экономически, социальни, культурни кхиорехь а доккха маьІна леладо инвестицеш яран гІуллакхо. Шайна мацца а хин болу пайда бахьанехь экономикана юкъа цхьацца агІор ахчанан харжаш йо таронаш алссам йолчу наха.

Инвесторшца болу болх дика схьабохьу Веданан кІоштахь а. Кху деношкахь администрацин куьйгалхочун гІовса Ахматукаев Руслана дІаяьхьира инвестицеш дІаяхьарехь кхолладелла хьелаш дийцаре дарна лерина йолу кхеташо. Оцу кхеташонехь дакъалоцуш бара дуккха а инвесторш, организацийн, хьукматийн куьйгалхой, юьртдай.

Ахматукаев Руслана дІахаийтира инвесторша йолийна гІишлеш хІара шо чекхдалалий йина йовлийтан езаш хилар, оьшуш долу технически документацеш а йолуш.

Уьш йина а евлла, гІуллакхдан юьйлаяларо таро лур ю бахархойн белхазаллин гІайгІа яйан а. ХІунда аьлча, цара дикка белхан меттигаш лур ю нахана.

Оцу кхеташонехь инвесторшний, куьйгалхошний, говзанчашний юкъахь гІуллакхаллин дагадийларш хилира. Уьш, дукха хьолахь, гучаевн йолчу белхан меттигийн хьокъехь а дара.

Шо чекхдалан йиснарг дукха хан яц. ХІинца дерг дерриге а инвесторех дозуш ду. Церан хьалхарчу гІулчаша дика масалш лур ду керла тІебогІун болчарна а.

С-А. БАШКАЕВ

Сурта тІехь: кхеташонан декъашхой.

Кхочушйо республикански Концепци

Дешархошца цхьаьнакхетар

Къона тІаьхье ймане-хь, оьздангаллин ойланехь кхетош-кхиоран республи-кански Концепцис хьалха хІиттош долу декхарш кхочушда-рехь шегара йоккха жигаралла гойтуш схьавогІу Веданан кІоштан хьехархойн-вовшахтохархойн юкъараллин Кхета-шонан председатель Чагаев Ваха-Іела.

Цо сих-сиха дІахьо ярташ-карчу школийн дешархошца цхьаьнакхетарш. И тайпа цхьаьнакхетар хилира цуьнан кху деношкахь Октябрьски юьккъерчу школан дешархошца. Гуттара а санна берех дагаваларан кепехь дІадаьхьира цо иза.

Цу цхьаьнакхетарехь дийцаре деш дара къоман башха гІиллакхаш, Іадаташ. Бусалба динан жайнаш тІера а, къоман фольклора тІера а дуккха а масалш далийра Іеламстага, дешархойн догойлано, кхетамо дІалоцун доллучу кепара.



Дайн дикчу гІиллакхаша массо стагана а гІодо дахарехь нийсачу новкъахь латтан а, адамашца лерам болуш, мерза хила а, Даймохк беза а. Кегий долуш дуьйна уьш девзаш хиларо гІодийр ду берашна гонахара дуьне довза, цуьнга шен хьежамаш хилан, дика дешан, дайшна, наношна дахарехь дика гІорториаш хилла дІахІиттан.

И тайпа Іалашонаш хІиттайо шайн балхахь школийн хьехархошавовшахтохархоша, церан балхана тІехь тидам а латтабо леррина вовшахтоьхна йолчу Кхеташоно.

Октябрьски юьртарчу школан дешархойн дуккха а хеттарш хилира В-І. Чагаевга оцу цхьаьнакхетарехь. Цо царна дуьззинчу кепехь жоьпаш а делира. И жоьпаш кхин а кІаргдан а, къеггинчу масалшца чІагІдан а дош делира цо берашна юха хин долчу цхьаьнакхетарехь.

Ш. ХАСАРОВ

Сурта тІехь: дешархошца долчу цхьаьнакхетарехь.

Адам а, Іалам а

ЦІано латторехь - барт

Гуьйре диттан гІа дужун хан ю, уьш мохо дІасакхоьхьу. Вайна лаьа вешан ярташ, некъаш, гонахара Іалам цІена хилан. И цІано латторехь дика къахьоьгу Веданан кІоштарчу организацийн, хьукматийн, предприятийн коллективаша, шайн лаамехь белхешка арабуьйлучу яртийн бахархоша.

ХІара шо доладелчахьана а оцу белхийн коьрта штаб хилла схьайогІуш ю Ахиядов Нурди коьртехь волу кІоштан администраци. ХІора кІирнах а бохург санна дІахьош бу белхеш. Цига арабевллачара некъийн йистеш цІанйо коьллаш дІайохуш, дитташна кираш детташ. Цул совнаха цара мангалшца дІахьокху, наха ца лелош, къух даьлла лаьтташ йолу бошмаш, йиш хилла-хиллачохь стоьмийн дитташна а кираш детта.

Цундела бахархоша даггара баркалла олу оцу гІуллакхана ара мел бевллачарна а.

Б. ХАБАКАЕВ

Сурта тІехь: рогІерчу белхех ю кІоштан юкъаралла.

Школан дахар

Кхолларалийца гергарло долош

Республикан дешаран а, Iилманан а министерствон дIадолорца нохчийн мехкан школашкахь а, цаьрга террачу юкъарадешаран хьукматашкахь а 25-чу сентябрехь дуьйна 9-11-чуй классийн дешархошна юкъахь дIахьош ю «Со- поэт ву» цIе йолу кхолларалийн конкурс.

Цуьнан Iалашо ю бераш-кахь ненан матте а, литературе а безам кхоллар, поэзин похIма долу бераш билгалдахар а, цаьрга кхолларалийца юххера гергарло тасийтар а. Хууш ду дайн гIиллакхаш, Iадаташ Iамор а, цаьрга лерам кхиор а шен мотт кIорггера бовзарна тIера дIадолалуш хилар.

Дешан говзанчаш, журналисташ, яздархой дукха бевлла меттиг ю Веданан кIошта. Цундела, хазахетарца билгалдаккхан мегар ду тIекхуьучу тIаьхьенна юкъахь а кхолларалийца гергарло дезаш болу дешархой вайн кIоштан ярташкарчу школашкахь дуккха а бевлла хилар.

Оцу конкурсан хьалхара мур - 25-чу сентябрера 20-чу октябре кхаччалц берг муниципальни тIегIанехь лоруш бара. Школийн коллективаша а, дешаран декъан методически кабинето дерриге дира вайн районехь иза дика дIаяхьарна а, кхолларалийца гергарло долу бераш шуьйрачу барамехь цунна юкъаозорна а кхачо ярехь. Цундела дара 20-чу октябрехь Веданарчу №1 йолчу школан хIусамехь дIаяьхьначу районни конкурсе дуккха а школаша шайн къона поэташ бахкийтина хилар.

Къаьсттина хаза яра Даймахках, къоман турпалхойх, нанойх, Iаламах лаьцна Хорачарчу а, ДаьргIаьрчу а, Дишни-Веданарчу а, Тевзинарчу а, Октябрьски а юькъерчу школийн векалша язйина стихотворенеш.

Царна юкъахь кхелан векалша (жюрис) хьалхара меттиг кхачийра ДаьргIарчу №1 йолчу юьккъерчу школан 11-чу классан дешархочун Автарханова Седин «Бералла» цIе йолчу стихотворенина.

Оцу стихотворениица Седа гIура ю 20-гIа ноябрь тIекхачалий Соьлжа-ГIалахь региональни тIегIанехь дIахьон йолчу республикански конкурсе. Дала аьтту бойла къоначу поэтессин! Дуккха а кхиабойла вайн махко дешан говзанчаш, поэташ, яздархой!

Газетан редакцис шун кхеле юьллу районни конкурсан толамхочун Автарханова Седин «Бералла» цIе йолу стихотворени.

Айша МАНИЕВА

Сурта тIехь: къона поэт, дешархо Автарханова Седа.

«Бералла»

Бераллехь паднар а хетара кIеда,
Цу гIезийн месашца кIадйича санна.
Бераллехь яраш а хетара мерза,
Чот йоцуш Iуьйшура орамаш церан.

Бераллехь гIенаш а, хуьлура ховха,
Тар тосуш набарна, кIадвалар дойъуш.
Бераллехь буьйса а хуьлура тийна.
ЖIаьлеша чехаъярх шабаршка йуьйлуш.

Бераллехь хьаннаш а хуьлура тайна,
Берийн цIоз декарца йилбаз-мохь буьйлуш.
Бераллехь кIохцалгашца къийсалора,
Берзинчу когашца аренаш идош.

Бераллехь хьокхам а хуьлура мерза.
Цу хохийн хелигца чам товра бууш.
Бераллехь айма а хетара сирла,
Куьзганахь санна чохь сан амат хIуьттуш.

Маржа яI, бералла, и хьан аьхналла,
Ша тайпа хиллера, юсталур йоцуш.
ГIенашкахь карийна беттасих терра,
Сан дахар къагийна, ели хьо гена!

ТИК Веденского района сообщает

О досрочном прекращении полномочий члена участковой избирательной комиссии избирательного участка № 58 с правом решающего голоса Ахмедова Мусы Ивадилдеевича

В соответствии с пунктом 4 части 8 статьи 3 Закона Чеченской Республики «О системе избирательных комиссий в Чеченской Республике», территориальная избирательная комиссия Веденского района п о с т а н о в л я е т:

1. Досрочно прекратить полномочия члена участковой комиссии избирательного участка, участка референдума № 58 с правом решающего голоса Ахмедова Мусы Ивадилдеевича, выдвинутого в состав комиссии собранием избирателей по месту жительства, в связи со смертью.

2. Направить настоящее постановление в Избирательную комиссию Чеченской Республики и опубликовать в районной газете «Керла дахар».

3. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на секретаря территориальной избирательной комиссии Веденского района Р.Х. Куразову.

Председатель территориальной избирательной комиссии А.С. Борханов

Секретарь территориальной избирательной комиссии Р.Х. Куразова

О проведении районной олимпиады школьников по избирательному законодательству

В соответствии с постановлением Избирательной комиссии Чеченской Республики от 08 октября 2019 года № 246/80-5 «О проведении Республиканской олимпиады по избирательному праву среди старшеклассников общеобразовательных организаций Чеченской Республики», территориальная избирательная комиссия Веденского района п о с т а н о в л я е т:

1. Провести совместно с отделом образования Веденского муниципального района 28 ноября 2019 года районную олимпиаду школьников по избирательному законодательству.

2. Утвердить Положение о проведении районной олимпиады школьников по избирательному законодательству (приложение №1).

3. Утвердить состав жюри районной олимпиады школьников по избирательному законодательству (приложение №2).

4. Рекомендовать районному отделу образования довести настоящее постановление до сведения общеобразовательных школ Веденского муниципального района.

5. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Керла дахар».

6. Контроль за выполнением настоящего постановления возложить на заместителя председателя территориальной избирательной комиссии Веденского района А.Х. Сатаева.

Председатель территориальной избирательной комиссии А.С. Борханов

Секретарь территориальной избирательной комиссии Р.Х. Куразова

Адам а, зама а

Юьртан ширчу гІалин сурт меттахІоттош

Республикехь кхуллучу туризман декъехь билггала шен меттиг дІалоцур ю Веданан кІошто шен хаза Іалам, лаьмнаш, кхузара догдика адамаш бахьанехь. Лаьмнашкахь дукха бу Іаламо а, адамийн куьйгаша кхоьллина а хІолламаш. Масала, Къоьзан-Іам, шира ярташ. Царах уггаре а механлиг хета Хой цІе йолчу юьртара шира гІала (древний город), цхьа хаза дІанисйина цуьнан тІулган гІишлонаш. Цига юхадерза йиш а йоцуш, аренца даьржина дисира дохийначура цІа дирзина адамаш.

Нохчийн лаьмнийн шира гІала Хой, цуьнан ша тайпа кеп туристийн бІаьрг тІеберзош ю. Цундела, республикан Куьйгалхочо Рамзан Кадыровс Веданан кІоштан администрацин куьйгалхочунна Ахиядов Нурдина тІедиллира цигара шира гІала хьалха хиллачу кепехь тойеш-дІанисъяр. Цу декъехь болу болх дІаболийна дикка хан ю цу юьртахь. Цигахь къахьоьгу кІоштарчу а, цул арахьарчу а говзачу гІишлошъярхоша, къаьстина тІулгбиллархоша.

Цара юха хьаладутту цу гІалийн хирцина хилла пенаш, тодо тхевнаш, оьшучохь керла тхевнаш а доху. Оцу белхашкахь хьалха хилла шира сурт юхадІахІоттон гІерта говзанчаш, церан цу тІехь дика аьтту а болу.

Билгадаккха деза район меттахІотточу шерашкахь кху юьртара бахархой даимна а цІа берзоран Іалашонца кхузахь рузбанан маьждиг а, масех цІа а дина хилар. Таро йолчу наха а шайна бахабахка гІишлеш йира. Оцу нахана а, хІинца а аренца болчу юьртахошна а боккха кхаъ хилла шайн ширчу юьртан сурт-кеп меттахІотторах. Цуьнах ша тайпа лаьмнийн музей хир ю хенан йохаллехь. Шайн дайша ламазашкахь динчу доІанашкахь Деле дехнарг кхочушхуьлуш лаьтта, бохуш, баккхийбуьйш бу нах. Цара даггара баркалла олу Мехкан Куьйгалхочунна а, юрт меттахІоттош къахьоьгуш ара мел ваьллачунна а.

Оцу боккхачу белхан верасалла деш волу Нохчийн республикан Юкъараллин палатин декъашхо Иналов Іаьрби а хуьлу кхузахь. ХІокху деношкахь цигахь хиллачу цхьаьнакхетарехь цо билгалдаьккхира шира гІала меттахІотторан декхаршца республикан культуран министр Дааев Хожа-Бауди а, кІоштан администрацин куьйгалхо Ахиядов Нурди а дика ларош схьавогІуш хилар.

Оцу белхаша кхочушдо социальни декхарш а. Бинчу белхашна йогІун ял шен хеннахь дІакхачош ю белхалошна. Делахь-хІета, дуккха а хІусамашка кхочу оцу юьртан беркат. Белхалочун таро ю доьзална напгІа дахьан, кхидолу Іер-дахаран декхарш кхочушдан.

Айша МАНИЕВА

Суьрта тІехь: Хой юрт меттахІотторан белхашкахь.

РОСРЕЕСТР сообщает

РОСРЕЕСТР

Управление Федеральной службы государственной регистрации, кадастра и картографии по Чеченской Республике

ИСТОЧНИКИ ОБРАЗОВАНИЯ МНОГОКОНТУРНЫХ ЗЕМЕЛЬНЫХ УЧАСТКОВ

Минэкономразвития России своим письмом от 20.08.2019 № ОГ-Д23-7648 «О способах образования многоконтурных земельных участков» сообщает, в частности, что земельные участки, в том числе многоконтурные, не могут быть образованы в результате объединения земельных участков, не имеющих общих границ (частей границ).

Между тем поставленный на государственный кадастровый учет многоконтурный земельный участок либо земельный участок, которому ранее при осуществлении государственного кадастрового учета было присвоено наименование «единое землепользование», могут быть источником образования новых земельных участков.

В данном случае многоконтурный земельный участок либо единое землепользование могут быть объединены с другим земельным участком, в том числе многоконтурным, при условии, что такие земельные участки по одному или более контуров их границ являются смежными.

В результате указанных объединений может быть образован новый многоконтурный земельный участок либо обычный земельный участок (если в результате объединения будет утрачен признак многоконтурности границы), а существование исходных земельных участков (включая исходный многоконтурный земельный участок либо единое землепользование) прекращено с даты государственной регистрации прав на образуемые земельные участки.

А.Л. ШАИПОВ,
заместитель руководителя Управления Росреестра по Чеченской Республике

Керла дахар

Главный редактор
В-А. А. Чагаев

Адрес редакции/издателя:
Чеченская Республика,
366337, с. Ведено, ул. М. Ушаева, 2.

Учредитель:
Администрация
Веденского
муниципального района.
Адрес: 366337, с. Ведено,
ул. А. Кадырова

Газета зарегистрирована
Управлением Федеральной
службы по надзору в сфере
связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации
ПИ № ТУ 20-00057 от 05.08.2011 г.

Газета набрана
и сверстана на
компьютерной
базе редакции
«Керла дахар».

Тираж 1000 экз.

Отпечатана в ГУП «ИПК
«Грозненский рабочий»,
364021, г. Грозный, ул.
Интернациональная, 12/35.
Подписано в печать:
по графику - 31. 10.19 г., в 10.00
по факту - 31. 10.19 г., в 10.00
Заказ № _____